



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE DEPATMAN KONSÈVASYON ANVIWONNMANTAL LA POU PIBLIYE ALÈT POU SECHRÈS NAN 21 KONTE NEW YORK YO

Kat sou kondisyon sechrès Eta New York la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mande Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la pou pibliye yon alèt pou sechrès pou 21 konte New York yo apre li fin konsilte Gwoup Travay sou Jesyon Sechrès Eta (State Drought Management Task Force) ak ajans patnè federal yo. Eta New York ap ankouraje rezidan ki nan konte ki afekte yo, sitou sa ki depann sou pi dlo soutèren prive yo, pou konsève dlo chak fwa sa posib pandan semèn k ap vini yo.

"Dènye lapli yo nan eta a pa te ase pou rezoud kondisyon sèk yo ki te pèsiste ane sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Restriksyon dlo lokal yo ak edike rezidan yo sou fason pou ede konsève resous dlo nou yo pral etap esansyèl pou ede anpeche yon mank ki pi grav si kondisyon yo vin pi mal."

[Konte ki anba alèt pou sechrès yo](#) se Konte Allegany, Cattaraugus, Cayuga, Chautauqua, Chemung, Erie, Genessee, Livingston, Monroe, Niagara, Onondaga, Orleans, Schuyler, Seneca, Steuben, Suffolk, Tompkins, Wyoming, ak Yates. Yon "alèt" se premye nan kat nivo avètisman sechrès Eta a, ki se alèt, avètisman, ijans, ak katastwòf. Pa gen okenn restriksyon obligatwa ki an plas anba yon alèt pou sechrès.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "Konsève dlo enpòtan pandan tout ane a, men sitou pandan peryòd sèk pwolonje tankou sa n ap eksperimante kounye a. DEC pral kontinye kontwole kondisyon dlo yo pandan ete a ap kontinye epi travay avèk patnè nou yo pou ede rezoud pwoblèm dlo akoutèm lan ki mennen nan alèt sa a ak enpak alontèm chanjman klimatik yo sou lavi chak jou nou an."

Pandan yo te rapòte kèk defi nan rezèv dlo piblik akòz kondisyon sèk, presipitasyon ki pi ba pase nòmal yo pandan twa dènye mwa yo, debi dlo ki ba yo ak nivo nap dlo soutèren ki ba yo ki te moutre nesosite pou yo pran mezi pou asire bon jan rezèv dlo piblik. Yo ankouraje founisè dlo piblik lokal yo pou evalye sityasyon aktyèl la, ankouraje konsèvasyon volontè, epi pran mezi apwopriye pou jere risk yo.

Alèt sou sechrès la te deklanche gras ak Endèks sou Sechrès Eta (State Drought Index) a, ki reflechi sou nivo presipitasyon yo, rezèw/nivo lak yo, ak debi kouran dlo yo ak nivo nap souterèn yo nan nèt rejyon sechrès Eta New York. Yo bay chak nan edikatè sa yo yon valè pondere baze sou siyifikasyon li ak divès itilizasyon li nan yon rejyon. Endèks Sechrès Eta a adapte ak atribi espesifik New York yo epi li ka diferan yon fason modere nan kèk evalyasyon teknik nasyonal pou sechrès.

DEC ak U.S. Geological Survey (Sondaj Gewoloji Etazini an) se patnè nan evalyasyon kondisyon idwolojik atravè Eta New York. Presipitasyon obsève yo te mwens pase nòmal ak defisi de a sis pous komen nan 90 dènye jou yo. Tan sèk la te kòmanse nan sezon prentan e li kòmanse afekte lòt paramèt yo yon fason sinifikatif. Debi kouran dlo yo ak nivo nap dlo soutèren yo pi ba pase nòmal nan anpil nan rejyon ki afekte yo. Nivo n ap dlo soutèren yo te bese pandan kèk mwa ki sot pase yo e yo pa prevwa y ap amelyore nan fiti imedyat akòz defisi presipitasyon ki egziste deja.

Pèspektiv Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service) la pou rès ete a prevwa tanperati ki pi wo pase nòmal ak presipitasyon ki pi ba pase nòmal. Lè yo volontèman diminye itilizasyon dlo, epi yo pran plis prekosyon ak dife ak flamm deyò yo, Nouyòkè yo ka ede konsève resous natirèl nou yo pandan jou sèk sa yo nan ete a.

Pou pwoteje resous dlo yo, yo ankouraje pwopriyetè kay yo pou redwi volontèman itilizasyon dlo deyò epi swiv konsèy sa yo:

- Awoze gazon sèlman lè li nesèsè, chwazi metòd awozaj ki evite gaspiyaj, ak awoze byen bonè nan maten pou diminye evaporasyon ak maksimize idratasyon tè a;
- Reutilize dlo ki kolekte nan barik lapli yo, dezimidifikatè yo, oswa klimatizè yo pou wouze plant yo
- Ogmante wotè pou koupe nan tondez gazon yo. Zèb ki pi long pi an sante ak rasin ki pi fò epi li bezwen mwens dlo;
- Sèvi ak yon bale, pa yon tiyo kawotchou, pou netwaye antre kay ak twotwa yo; epi
- Repare tiyo, tiyo kawotchou yo, ak wobinè yo.

Pou plis konsèy pou ekonomize dlo, vizite pajwèb DEC la nan <http://www.dec.ny.gov/lands/5009.html>. Pou plis enfòmasyon sou sechrès nan New York, ale nan: <https://www.dec.ny.gov/lands/5011.html>

###

Lèt nouwl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)